# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–12 अगस्त 2024 भोजपुरी समाचार

उत्तर प्रदेस अंतर्राष्ट्रीय व्यापार प्रदर्शनी के दुसरका संस्करण क आयोजन आवे वाला पचीस से ओनतीस सितंबर ले ग्रेटर नोएडा क इण्डिया एक्सपो मार्ट में कइल जाइ। एके लेके मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अधिकारियन के निरदेस दिहले हवे कि ये प्रदर्शनी के भव्य रूप दिहले में कउनो कसर नाही छोड़ जाव। उहां के पांच दिन्न ले चले वाला अंतराष्ट्रीय व्यापार प्रदर्शनी के दौरान रोजाना एगो खास थीम पर ज्ञान सत्र आयोजित कइलहू क निरदेस दिहले हवे। मुख्यमंत्री कहलें कि येह व्यापार प्रदर्शनी के जरिया से पूरा दुनिया उत्तर प्रदेस के अनोखा सिल्प अउर संस्कृति के दरसनों करी। उत्तर प्रदेस अंतराष्ट्रीय व्यापार प्रदर्शनी क पहिला संस्करण पछिला बरस आयोजित कइल गइल रहे, जेह में दुइ हजार परदरसक अउर सात गो देसन से आइल पांन सौ से बेसी प्रतिनिधी क सथहीं तीनि लाख से बेसि लोग सामिल भइलें।

**********

धान खरीदि से पहिले राज्य के खरीद केंद्र इंटरनेट, कंप्यूटर, लैपटॉप, आईपैड, ई–पॉस मसीननि से लैस होइहें। ई जानकारी देत खाद्य अउर रसद विभाग के प्रमुख सचिव आलोक कुमार बतउलें कि खरीफ विपणन बरिस दुई हजार चौबीस–पचीस के तहत प्रदेस के धान खरीद केंद्रन के हाईटेक बनावे क तइयारी कइल जा रहल हौ।

**********

प्रदेस में आजु कई गो सीनियर प्रशासनिक अधिकारियन क ट्रासफर कई दिहल गइल हौ। रविन्द्र कुमार के कृषि विभाग क प्रमुख सचिव बनावल गइल हौ। जबकि मोनिका गर्ग के कृषि उत्पादन आयुक्त क जिम्मेदारी दीहल गइल हो। लीना जौहरी के बाल विकास अउर पुष्टाहार विभाग क प्रमुख सचिव बनावल गइल हौ।

**********

आजु सावन महीना क चउथा सोम्मार हौ। भगवान भोले शंकर क दर्शन–पूजन अउर जलाभिषेक क खास मानल जाये वाला येह दिन्न पर आजु भिन्नहिए से सज्जों प्रमुख सिवालयन पर सरधालुअन क लमहर कतार देखल गइल। बनारस के कासी विश्वनाथ मंदिर में जलाभिसेक खातिर देस क अउरियों कई गो राज्यन से सरधालु पहुंचल हवें। सावन क चउथा सोम्मार पर बाबा विश्वनाथ क रूद्राक्ष सिगांर कइल गइल। बनारस के मार्कण्डेय महादेव मंदिर अउर अजाेध्यो में सावन क चउथा सोम्मार पर सरधालुअन क भारी भीड़ि उमड परल। अजोध्या के प्रसिद्ध नागेश्वर नाथ मंदिर क दरवाजा जलाभिसेक खातिर भोरवे में खोल दिहल गइल। बस्ती, संतकबीरनगर, गोरखपुर, देवरिया अउर प्रयागराज के सथहीं प्रदेस के सज्जें जिला के प्रमुख शिव मंदिरन में दर्शन–पूजन अउर जलाभिषेक बदे संझा ले सरधालुअन क भीड़ि लागल रहल।

**********

हर घर तिरंगा फहरावे बदे बिहने से पनरह अगस्त ले चले वाला खास अभियान के लेके सरकारी अउर गैर सरकारी संस्थानन के ओरि से जागरूकता क कई गो कार्यक्रम क आयोजन कइल जा रहल हौ। बनारस में गंगा नदी के सिन्धिया घाट पर आजु महर्षि योगी विद्याश्रम क वेदपाठी छात्र आपन हाथे में तिरंगा लेके आम लोगिन से अपील कहलें कि बिहने से स्वतंत्रत्रा दिवस ले अपने घरन पर राष्ट्रीय झंडा जरूर फहरावे। अम्बेडकरनगर जिला में आजु जिला पंचायत अध्यक्ष साधु वर्मा के अगुवाई में नवजवान लोगि मोटर साईकिल रैली निकारि के लोगिन के हर घर तिरंगा अभियान खातिर जागरूक कइलें। प्रदेस के कई गो जिला में अलगि–अलगि संगठनन के ओरि से तिरंगा जतरा निकारल गइल।

**********

अंतर्राष्ट्रीय युवा दिवस पर आजु कई गो जिला में अलगि–अलगि संस्था की ओरि से कार्यक्रम क आयोजन कई के नवजवानन के नसा कइले से दूर रहले क संकलप दियावल गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो सज्जो नवजवानन के अंतर्राष्ट्रीय युवा दिवस क बधाई दिहले हवे। सोसल मीडिया पर एगो सनेसा जारी कई के मुख्यमंत्री सज्जों नवजवानन आवाहन कइले हवें के ऊ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के आत्म निर्भर अउर विकसित भारत के संकलप के साकार कइले में सहभागी बने ।

**********

दुनिया भर में आजु विश्व हाथी दिवस मनावल जा रहल हौ। हाथियन क घटत संख्या के देखत उनके संरक्षण बदे बरिस दुई हजार बारह मे विश्व हाथी दिवस मनावे क सुरूआत कइल गइल रहे। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी हाथियन के संरक्षण बदे कइल जा रहल कोसिनन क सराहना कइले हवे।एगो सोशल मीडिया पोस्ट में प्रधानमंत्री कहलें कि हाथी हमार संस्कृति अउर इतिहास से जुड़ल हईन। उहां के हाथियन के एगो अनुकूल प्राकृतिक वास उपलब्ध करावे का प्रतिबद्धता दोहरवलें। विश्व हाथी दिवस पर गोरखपुर चिड़ियाघर के निदेशक विकास यादव बतवलें कि अक्टूबर माहिन्ना ले चिड़ियाघर में हाथी क एगो विशेष बाड़ा तैयार हो जाई। गोरखपुर क चिड़ियाघर प्रदेस क एकलौता चिड़ियाघर हो जाई जहवां कउनों हाथी क बाड़ा होई।

**********

राज्य के पूरबी से लेके पच्छिमी हिस्सा ले रूकि–रूकि के हल्लुक अउर मधम बरखा भइले का सिलसिला जारी हौ। मौसम विभाग राज्य के कई हिस्सा में अगिला चारि दिन्न के दौरान मधम से तेज बरखा भइले का संभावना जतवले हवे। येहि बिच्चे बरखा के नाते कई गो नद्दी खतरा के चिन्हा ले पहुंच गइल हौ। गोरखपुर, बस्ती अउर देउरिया जिला में सरजू नदी खतरा के चिन्हा के फेरि से पार हो गइल हौ।

**********